



Enstriksyon pou Netwaye ak Dezenfekte pandan Varyòl Makak la pou Kay, Lye Travay, Lekòl ak Lòt Lokal

Varyòl makak la ka simaye lè yon moun manyen sifas oswa bagay ki te an kontak avèk bouton oswa plè yon moun ki gen viris la, oswa lè li respire ti gout respiratwa yon moun pandan li pre li anpil pandan yon peryòd pwolonje.

Enstriksyon ki annapre yo se pou kay, lye travay, lekòl ak lòt lokal. Pou enstriksyon pou anviwònman medikal, ale sou [cdc.gov/poxvirus/monkeypox/clinicians/infection-control.html](https://www.cdc.gov/poxvirus/monkeypox/clinicians/infection-control.html) epi klike sou "**Infection Control in Healthcare Settings**" (Kontwòl Enfeksyon nan Anviwònman Medikal).

Kontinye Netwayaj Abityèl la

Kontinye ak fason ou konn abitye netwaye a.

Kenbe Men Ou Pwòp

Lave men ou souvan avèk savon ak dlo, oswa itilize dezenfektan pou men ki abaz alkòl. Anplwayè yo ak lekòl yo ak jesyonè enstalasyon yo dwe kenbe yon rezèv savon, sèvyèt papye ak dezenfektan ki abaz alkòl nan twalèt yo.

Netwayaj Apre yon Ka Varyòl Makak ki Konfime

Yon netwayaj anplis nesèsè sèlman si yon moun yo konfime li gen varyòl makak la (li gen yon rezilta tès varyòl makak pozitif) te lakay ou, nan lye travay ou, nan lekòl la oswa nan lokal la pandan li te gen sentòm. Pou plis enfòmasyon sou sentòm varyòl makak yo, ale sou [nyc.gov/monkeypox](https://www.nyc.gov/monkeypox) epi klike sou "**Symptoms**" (Sentòm yo).

Viris varyòl makak la ka viv sou sifas pandan lontan (sitou nan anviwònman ki fè nwa, ki fre e ki pa gen anpil imidite) e petèt pi lontan sou sifas mou (tankou mèb ki ranboure ak sèvyèt twal). Gen anpil dezenfektan ki ka sèvi kont viris varyòl makak la. Pou lis pwodui netwayaj ak dezenfektan Ajans Pwoteksyon Anviwònman (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) Etazini an, ale sou [bit.ly/epa-disinfectants-list](https://www.epa.gov/disinfectants).

Sa Pou W Mete Pandan W ap Netwaye oswa Manyen Dechè

Pandan w ap netwaye oswa manyen dechè, mete rad ki kouvri po ou nèt, gan jetab, ak yon respiratè N95 oswa KN95 ki kouvri bouch ou ak nen ou.

Kijan pou Jete Dechè

Moun ki gen varyòl makak la dwe jete fatra yo nan pwòp poubèl pa yo ki fèt pou sa, ki ta dwe gen yon sache poubèl ki kouvri andedan li.

Lye travay ki abitye okipe dechè medikal dwe mete tout dechè ki gen pou wè ak netwayaj nan yon sache fatra sele epi jete li ansanm ak dechè medikal nòmal yo. Lye travay ki **pa** abitye okipe dechè medikal dwe mete tout dechè ki gen pou wè ak netwayaj nan yon sache fatra sele, mete li nan yon lòt sache fatra epi jete li nan fatra jeneral la.

Netwayaj Anvan Itilizasyon Dezenfektan

Sèvi ak metòd netwayaj mouye pou evite simaye patikil enfektye yo. Pa ni epouste ni siye sifas yo pandan yo sèch.

- Byen netwaye atè a, sifas yo ak bagay yo manyen souvan yo, tankou manch pòt ak bouton limyè, avèk savon ak dlo oswa detèjan (pou wete salte ak debri) anvan ou sèvi ak dezenfektan.
- Toujou suiv enstriksyon ki sou etikèt pwodui netwayaj yo ak dezenfektan yo pou w ka sèvi avèk yo yon fason san danje ki bay rezilta.

Itilizasyon Dezenfektan sou Sifas ak Bagay Di

Kèk egzanp sifas ak bagay di se tab, biwo, manch pòt, manch pou flòch twalèt, wobinè, bouton limyè ak jwèt.

- Sèvi ak dezenfektan ki sou lis EPA a sou sifas ak bagay di. Suiv enstriksyon yo pou tan kontak la ak itilizasyon an.
- Sèvi ak pwodui yo nan zòn ki byen ayere.
- Pa melanje dezenfektan ki diferan. Pa janm melanje amonyak ak klowòks.

Sifas Mou, Tapi ak Mèb Ranboure

- Lave tout bagay ki ka al nan lesiv (tankou zòrye ak lenn) e ke yon moun ki gen varyòl makak te petèt itilize. Pou plis enfòmasyon sou kijan pou w fè lesiv ou san danje, ale sou on.nyc.gov/monkeypox-laundry-cr oswa on.nyc.gov/monkeypox-laundry-cr (pou blanchisri, dray klinin ak sèvis lesiv).
- Moun ki gen varyòl makak la dwe evite kontak avèk sifas ki mou ak pore ki pa ka lave pandan yo malad. Mete yon kouvèti sou sifas mou ak pore yo ke ou kapab wete ak lave oswa jete.
- Netwaye ak vapè mèb ranboure moun ki gen varyòl makak la te itilize.

Pou plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/monkeypox.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

8.18.22 Haitian Creole